

Lisans Chofè Komèsyal & Pèmi Aprantis Chofè Komèsyal

Dokiman Obligatwa pou Moun ki Sitizen Ameriken

You must bring specific forms of Identification, Social Security & Residential Address



Lwa federal mande pou tout moun kap aplike pou lisans/oswa pèmi komèsyal pou deklare estati sètifikasyon medikal yo epi pou founisè swen sante yo kapab soumèt Elekitwonikman yon Sètifika Egzaminatè Medikal valab (sòf si yo espesyalman egzante).

pote

1

Pa aksepte fotokopi

Idantifikasyon Prensipal

kopye orijinal oswa sètifye

- Yon Lisans Chofè Florida oswa Kat Idantite Florida ki valab epi ki ou te genyen-l pou plis ke (6) mwa apre lòt
- Yon kontra kay, yon ipotèk rezidansyèl, oswa yon papye kay ki sou non kliyan an, siyen plis pase sis (6) mwa de sa
- Deklarasyon Domisil. (Deklarasyon Domisil yo ranpli avèk Lee Clerk of Courts – Depatman Dosye Ofisyèl.)
- Yon egzansyon taks sou pwopriyete nan Florida. (Ouka jwenn prèv egzansyon homestead la sou leepa.org epi klike sou "Exemption Renewal Letter.")

Si non an diferan de idantite prensipal la, Tanpri soumèt youn nan bagay sa yo:

- Sètifika maryaj
- Lòd tribinal
- Dekrè divòs (dwe akonpaye ak prèv nan non anvan an si li pa parèt nan dekrè a)

Konsiderasyon enpòtan:

- Lè ou chanje non, ou dwe jwenn yon nouvo kat sosyal sekirite, tan omwen yon jou travay anvan ou aplike pou yon lisans oswa yon kat ID
- Si se premye fwa w ap aplike epi ou chanje non (maryaj/divòs), ou dwe prezante dokiman ki montre tout istwa non ou depi nesans ou

pote

1

Nimewo Sosyal Sekirite

dwe genyen nimewo sekirite sosyal konplè

- Kat Sosyal Sekirite orijinal
- Fòm W-2 oswa 1099
- Resi shèk peman ak Nimewo Sosyal Sekirite konplè

Tout moun ki kalifye pou resevwa nimewo Sosyal Sekirite oubyen otorize pou travay nan Etazini dwe bay prèv nimewo Sosyal Sekirite (SSN) pou yo ka resevwa yon lisans oswa kat idantite (ID). Si aplikasyon pou nimewo Sosyal Sekirite nan suspensyon, ou dwe tann pou jwenn sa anvan ou aplike pou yon lisans oswa kat ID.

pote

1

Prèv Rezidans nan Florida

- Yon Lisans Chofè Florida oswa Kat Idantite Florida ki valab epi ki ou te genyen-l pou plis ke (6) mwa apre lòt
- Yon kontra kay, yon ipotèk rezidansyèl, oswa yon papye kay ki sou non kliyan an, siyen plis pase sis (6) mwa de sa
- Deklarasyon Domisil. (Deklarasyon Domisil yo ranpli avèk Lee Clerk of Courts – Depatman Dosye Ofisyèl.)
- Yon egzansyon taks sou pwopriyete nan Florida. (Ouka jwenn prèv egzansyon homestead la sou leepa.org epi klike sou "Exemption Renewal Letter.")

pote

2

Prèv Adrès rezidansyèl nan Florida

Kandidan pou CLP/CDL dwe prezante de (2) prèv adrès diferan sou non yo, oswa: De (2) dokiman nan Lis A oubyen yon (1) dokiman nan Lis A avèk yon (1) dokiman nan Lis B

LIS A

Soumèt youn oubyen de dokiman nan non aplikan an:

- Yon kontra lwaye resan pou rezidans la ki valab pou 6 mwa oswa plis, nan non chofè a
- Kat Enstriksyon Votè nan Florida ki resan
- Rejestrasyon oswa tit Florida pou machin ou bato ki pa ekspire
- Pwopriyete kay oswa kontra asirans kote ou louwe oswa bòdwo
- Bill sèvis piblik resan (dlo, gaz, elektrisite) dat nan 60 dènye jou yo
- Bill telefòn resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Bill intènèt resan, dat nan 60 dènye jou yo
- Dènye bòdwo taks sou pwopriyete a
- Tit ipotek pou pwopriyete nan Florida

LIS B

Submit one document in the applicant's name:

- Dènye fòm W-2 oswa 1099
- Dènye deklarasyon labank, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye deklarasyon kat kredi, ki gen dat nan dènye a 60 jou
- Dènye lòd oswa dokiman militè
- Dènye talon chèk ki resan dat nan dènye a 60 jou
- Dokiman gouvènman ofisyèl ki resan, dat nan 60 dènye jou yo

Moun ki gen CPL/CDL kap mande yon renouvèlman oswa ranplasman lisans, oswa moun k ap shèshe yon amelyorasyon (pa egzansyon: Klas B rive nan Klas A) yo sijè a menm dokiman an ak kondisyon adrès.

Si yo pa kapab bay okenn dokiman akseptab nan Lis A, kandida a dwe soumèt yon Deklarasyon Domisil ki ranpli nan Biwo Klerk Tribinal la AK yon dokiman nan Lis B. Sètifika Adrès pa akseptab.